

## Kounye a Gen Plis Moun New York ki Kalifye pou Asirans Maladi Bon Mache

Règ pou kalifye yo chanje depi 1ye avril 2024, epi kounye a gen plis moun New York ki kalifye pou asirans maladi bon mache avèk Essential Plan nan!

Essential Plan nan gen prim pa mwa \$0, li pa gen dediktib, epi ou prèske pa gen pou kontribye nan depans yo. Li kouvri avantaj global tankou vizit kay doktè, swen nan lopital, tès, medikaman sou òdonans, swen dan ak je, ak plis bagay toujou. Moun New York yo ka enskri nan Essential Plan nan nenpòt lè pandan ane a avèk NY State of Health. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Essential Plan nan, ale sou <https://info.nystateofhealth.ny.gov/EssentialPlan>.

Gen twa fason pou mande patisipe nan Essential Plan nan:

- Ale sou [nystateofhealth.ny.gov](https://nystateofhealth.ny.gov).
- Jwenn èd pèsonalize gratis nan men yon [asistan nan enskripsyon](#).
- Rele Sant Sèvis pou Kliyan NY State of Health la nan 1-855-355-5777 (TTY: 1-800-662-1220).

Mande patisipe nan plan an jodi a!